

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar lima hal, nyaéta (1) désain panalungtikan, (2) sumber jeung data panalungtikan, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain dina (KBBI) *online* mangrupa kerangka dina hiji wangun, sok disebut ogé rarancang. Ari nu jadi wangunna nyaéta panalungtikan. Ieu panalungtikan moboga tujuan pikeun medar basa Sunda dialék sosial Karawang ngagunakeun ulikan struktur jeung léksikosemanatik.


Panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif dilarapkeun pikeun nalungtik fénoména nyata nu nyampak atawa saayana dumasar kana data nu kapanggih. Ieu pamarekan digunakeun pikeun nganalisis sangkan museur kana data nyaéta basa Sunda dialék sosial Karawang nu kapanggih dina carpon-carpon karya Darpan.

Ari sababna ngagunakeun métode déskriptif lantaran data anu dipaluruh tuluy dipasing-pasing, dianalisis, didadarkeun, jeung dicindekkeun. Luyu jeung pamadegan anu nétélakeun métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking hal-hal anu jadi tujuan jeung mangpaat panalungtikan (Sugiyono, 2012, kc.2). Métode déskriptif digunakeun sangkan méré gambaran leuwih jéntré tina hasil analisis data nu kapanggih.

Data anu dikumpulkeun tuluy didéskripsikeun nyoko kana ragam basa Sunda dialék sosial Karawang dina buku kumpulan carpon karya Darpan anu ulikanana nyaéta struktur jeung léksikosemantik. Ari analisisna ngawengku (1) wangun kecap, (2) babandingan Basa Sunda dialék sosial Karawang (BSDSK) jeung Basa Sunda lulugu (BSL), (3) Struktur Léksikal, jeung (4) variasi atawa ragam basa dialék sosial Karawang.

Dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan di luhur, désain dina ieu panalungtikan ditangtukeun minangka tahap-tahap kagiatan panalungtikan ti mimiti nangtukeun masalah, nangtukeun sumber data, ngumpulkeun data,

ngagunakeun instrumén panalungtikan, ngolah data, nepi ka nyusun kacindekan. Rarancang panalungtikan mekar sanggeus panalungtik asup kana objék panalungtikan (Sugiyono, 2012, kc.76). Ku kituna rarancang dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti bagan ieu di handap.



Bagan 3.1: Désain Panalungtikan

Dessy Nurhabibah, 2023

RAGAM BASA SUNDA DIALÉK SOSIAL KARAWANG DINA BUKU KUMPULAN CARPON KARYA DARPAN
(Ulukan Struktur jeung Léksikosemantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Téknik Panalungtikan

Téknik dina ieu panalungtikan ngawengku dua téknik, nyaéta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik dokuméntasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Dokuméntasi asal kecapna dokumén nu hartina barang-barang tinulis. Upama panalungtik ngagunakeun téknik dikuméntasi nu dipaluruhna nyaéta buku-buku, majalah, notulén rapat, catetan, jsb (Arikunto, 2006, kc.158). Salian ti éta, pikeun ngumpulkeun data ngagunakeun téknik studi literature atawa talaah pustaka anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara macaan, nalaah, jeung neuleuman eusi sababaraha bahan bacaan, boh éta mangrupa buku, dokumén-dokumén, atawa sumber tinulis séjénna anu aya patalina jeung panalungtikan.

Data-data anu dikumpulkeun museur kana maluruh basa Sunda dialek sosial Karawang dina kumpulan carpon *RK* jeung *NHD* karya Darpan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta:

- 1). Maca kumpulan carpon karya darpan dina buku *RK* jeung *NHD* nu mangrupa sumber data panalungtikan;
- 2). Nyirian kecap-kecap nu kaasup *keterangan basa wewengkon* dina tungtung kaca unggal bukuna, tuluy ditambahan kecap-kecap nu dianggap asup kana BDK nurutkeun panalungtik;
- 3). Maluruh sasaran atawa harti kecapna dina kamus basa Sunda atawa sumber séjénna;

3.2.2 Téknik Ngolah Data

Saméméh ngolah data, perlu didadarkeun heula métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Métode anu digunakeun aya dua nyaéta (1) métode padan, jeung (2) métode agih atawa distribusional. Ari nu dimaksud métode padan nurutkeun Sudaryanto (2015, kc.13) nyaéta métode analisis data anu alat panangtuna aya di saluareun, lésot, jeung henteu jadi bagian tina éta basa anu

Dessy Nurhabibah, 2023

RAGAM BASA SUNDA DIALÉK SOSIAL KARAWANG DINA BUKU KUMPULAN CARPON KARYA DARPAN (Ulikan Struktur jeung Léksikosemantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditalungtik. Ari metodé distribusional (agih) nyaéta metode pikeun nganalisis sistim basa nu sipatna ngatur dina hiji basa dumasar kana ciri-ciri has éta kabasaan minangka hiji lingual anu tangtu (Faishol, dina (Maulani, 2013, kc.22) cindekna, alat nu nangtukeun dina metodé distribusional nyaéta bagian tina éta basa sorangan. Saperti basa Sunda dialék sosial Karawang nu jadi bagian tina basa Sunda.

Sanggeus data dikumpulkeun, léngkah satuluyna nyaéta ngolah data. Téhnik anu dipaké ngolah data nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1). ngaréduksi data atawa ngawilah-wilah data anu saluyu jeung masalah dina ieu panalungtikan nyaéta (1) ragam basa, (2) wangun kecap, jeung (3) babandingan BSDK jeung BSL;
- 2). nabulasikeun data dina wangun tabél sangkan leuwih gampang dina analisis data tur ngadéskripsikeunana.
- 3). nangtukeun jeung nganalisis ragam basa, wangun kecap Sunda dialék Sosial Karawang;
- 4). ngabandingkeun data BSDK jeung BSL;
- 5). ngadéskripkeun data dumasar hasil tabulasi data;
- 6). nyieun kacindekan tina hasil analisis data panalungtikan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan téh nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2006), kc. 150). Instrumén mantuantun panalungtik dina prak-prakan ngolah data. Instrumén panalungtikan dibagi dua nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data anu didadarkeun saperti ieu di handap.

3.3.1. Instrumén Ngumpulkeun data

Data nu kapanggih tina sumber data panalungtikan nyaéta buku *RK* jeung *NHD* karya Darpan tuluy dikumpulkeun dina instrumén kartu data digital. Ieu kartu data digital dipaké pikeun ngumpulkeun data nu kapaluruh anu eusina ngawengu nomor data, data (kecap BSDK), larapna data dina kalimah, jeung kode data. Satuluyna kartu data digital anu kakumpul didistribusikeun dina wangun tabél 3.1.

Tabél 3. 1
Conto Tabél Data Dialék Sosial

No	No Data	Data	f	Larapna dina Kalimah
				... (* (RK/NHD) /01/VI)

Katerangan:

f : frékuensi data

***(RK/NHD)** : sumber data nu dieusi salahsahiji antara *RK jeung* NHD

01 : kaca hiji

VI : Paragraf kagenep

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Data nu dikumpulkeun tuluy dianalisis dumasar kana (1) wangun kecap, (2) babandingan Basa Sunda dialék sosial Karawang (BSDSK) jeung Basa Sunda lulugu (BSL), (3) Struktur Léksikal, jeung (4) Harti kecap. Instrumén anu dipaké dina analisis dina tabél di handap.

Tabél 3. 2
Conto Tabél Analisis Wangun Kecap

No	No Data	Data	Wangun Kecap					Kat
			Asal	Rajékan	Rundayan	Kantétan	Wancahan	

Sabada dianalisis dumasar kana wangun kecapna, data tuluy dianalisis dumasar wincikan wangun kecapna, saperti instumén dina ieu tabél di handap.

Tabél 3. 3
Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Salancar

No	No Data	Kecap	Struktur Kecap Salancar				
			Saengang	dua engang	Tilu engang	Opat engang	Lima engang

Tabél 3.4
Conto Tabél Dialek Sosial Wangun Kecap Rundayan

No	No Data	Kecap	Struktur Kecap Rundayan				
			Hareup	Tengah	Tukang	Bareng	Barung

Dessy Nurhabibah, 2023

RAGAM BASA SUNDA DIALÉK SOSIAL KARAWANG DINA BUKU KUMPULAN CARPON KARYA DARPAN
(Ulukan Struktur jeung Léksikosemantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5
Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Rajékan

No	No Data	Kecap	Struktur Kecap Rajékan	Kat.

Tabél 3.6
Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Wancahan

No	No Data	Kecap	Prinsip Struktur Wancahan			Kat.
			Tingkesan	Singgetan	Wancahan	

Tabél 3.7
Conto Struktur Léksikal

No	No Data	Kecap	Kategori					Ket
			Sinonimi	Homonimi	Polisemi	hiponimi	Atonimi	

Tabél 3.8
Conto Tabél Babandingan BSDK jeung BSL

No	No Data	Kecap		Fonétik/ Grafologi	Morfologi	Léksikon/ Harti	Kat
		BSDL	BL				

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data


Data anu dikumpulkeun mangrupa kandaga kecap basa Sunda dialék sosial Karawang nu kapanggih tina buku kumpulan carpon karya Darpan. Data nu ditangtukeun dumasar kana *keterangan basa wewengkon* anu aya di ahir kaca éta dua buku. Salian ti éta, pikeun babandinganana panalungtik maluruh kecap dina data tina talaah pustaka jeung kamus basa Sunda.

3.4.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyaéta subjék atawa asal éta data dikumpulkeun (Arikunto, 2006, 129). Anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nyaéta karangan carpon Darpan dina buku *Rusiah Kaopatwelas* (RK) jeung *Nu Harayang Dihargaan* (NHD). Buku *RK* jeung *NHD* jadi sumber utama nu dipilih ku panalungtik lantaran duanan sarua ngagunakeun basa Sunda dialék sosial Karawang.

Dina Buku *RK* jeung *NHD* karya Darpan aya 15 carpon. Béda dina *RK* dibagi dua dapuran nyaéta “Si Iblis” aya dalapan carpon jeung “Rusiah Kaopatwelas” aya tujuh carpon. Sedeng dina buku *NHD* jadi sadapuran. Duanana ditungtungan ku *keterangan basa wewengkon* pikeun mantuan pamaca sangkan leuwih maham kekecapan atawa basa wewengkon nu digunakeun dina éta dua buku.

Salian ti ngagunakeun basa Sunda dialék sosial Karawang, aya kaonjoyan séjén hususna buku *NHD* anu dilélér Hadiah Sasta Rancagé taun 1999 ku alpukahna Ajip Rosidi. Hartina, sacara kualitas tulisan-tulisan karya Darpan mibanda kasadaran kana pentingna dokumnétasi basa dialék jeung ditilik eusina ngandung ajén-inajén basa boh sastra nu perlu ditalungtik.




Gambar 3.1: Cover Buku *RK*

Dessy Nurhabibah, 2023

**RAGAM BASA SUNDA DIALÉK SOSIAL KARAWANG DINA BUKU KUMPULAN CARPON KARYA DARPAN
(Ulukan Struktur jeung Léksikosemantik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Gambar 3.2: Cover Buku *NHD*

3.5 Wangenan Oprasional

Pikeun ngungkulan ayana salah tapsir ka anu maca, ieu di handap baris didadarkeun leuwih écés ngeunaan wangenan operasional anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Karangan Carpon, mangrupa karangan. Karangan rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, galur caritana rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana teu réa, museur kana hiji kajadian utamana, mangrupa hiji episode, palakuna ogé ukur dua atawa tilu, jeung nu pangbasajanna tina wangun fiksi.

Basa Dialék, ragam basa atawa basa wewengkon atawa digunakeun husus nu dipiboga ku hiji daérah minangka ciri has atawa idéntitas. Dina ieu panalungtikan leuwih nyoko kana dialék sosial Karawang minangka ciri has masarkat Karawang.

Léksikosemantik, kajian anu ngawengku harti tina kandaga kecap anu disusun sacara alfabétis. Satuluyna baris didéskripsikeun babandingan basa Sunda lulugu jeung dialék sosial Karawang.